



DONE OU DWA OU

Bank alimantè sa a ap pase nan yon sistèm elektwonik pou anrejistre kliyan yo. Sa vle di tout enfòmasyon nou te pran sou papye anvan pral konsève kounye a nan yon sistèm elektwonik. Sa a se yon gwo chanjman pou bank alimantè sa a, pou Food Bank a, epi sa pi enpòtan pou ou tou! Nou te eseye reponn kesyon ou yo anba a. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon, tanpri pale avèk anplwaye ki nan bank alimantè lokal ou.

POU KISA CHANJMAN AN?

Bank alimantè a ap travay avèk Capital Area Food pou fè pwosesis admision an vin pi senp. Si ou reponn kèk kesyon sou oumenm ak moun lakay ou, w ap ede bank alimantè sa a redui tan pou tann pidevan epi amelyore sèvis yo pou ou.

KISA NOUVO SISTÈM NAN YE MENM?

Sistèm nan rele **Service Insights**. Se yon sistèm dijital k ap fè li pi fasil pou bank alimantè yo konprann kominate yo epi amelyore sèvis yo.

Bank alimantè ou pral ba ou yon kat bakode apre ou bay enfòmasyon ou yo. Bank alimantè sa a (ak nenpòt) bank alimantè ki itilize Service Insights kapab eskane kat sa a pou anrejistre vizit ou yo byen vit pidevan. Kat sa a pa gen valè kach sou li, epi ou bezwen yon sèl kat kèlkeswa nan kantite bank alimantè ou ale.

Yon manm ekip bank alimantè a pral poze ou kesyon debaz tankou non ou, laj ou, nimewo telefòn ou, laj moun yo k ap viv lakay ou, ak preferans dyetetik ou yo. Nou p ap **janm** itilize enfòmasyon sa yo pou refize ou sèvis yo, nou p ap **janm** itilize Service Insights pou limite kantite bank alimantè ou ka vizite. **Volontè** yo ki nan chak bank alimantè kapab sèlman wè vizit ou yo nan òganizasyon pa yo; yo pa kapab wè si ou ale nan lòt bank alimantè yo.

POU KISA MWEN TA DWE BAY ENFÒMASYON MWEN YO?

Si ou bay kèk enfòmasyon w ap ede nou:

- Aprann kalite manje moun yo vle nan bank alimantè a
- Fè aktivite ranmasaj lajan pou bank alimantè a
- Fè kominate nou konnen kantite egzat moun nou sèvi
- pèmèt volontè nou yo pase plis tan ap sèvi ou, epi mwens tan nan travay sou dokiman administratif yo
- Konprann plis sou kliyan nou yo poui nou sèvi yo pi byen

Ou pa gen obligasyon pou patisipe nan Service Insights pou resevwa manje, men nou ankouraje ou pou patisipe.

ÈSKE MWEN PRAL GEN POU FÈ SA CHAK FWA?

Non. Itilizasyon Service Insights ap pèmèt nou konsève enfòmasyon ou yo sou fòm elektwonik epi sa ap pèmèt ou fè vizit pidevan yo pi vit.

N ap sèlman mande ou pou verifye ak modifie enfòmasyon ou yo tanzantan.





DONE OU DWA OU

PWOMÈS CAFB KONSÈNAN DONE OU

N ap trete ou ak enfòmasyon ou avèk diyite ak respè.

Tout repons ou bay yo ap rete konfidansyèl. Si ou pa vle bay enfòmasyon ou yo oswa si ou santi ou pa alèz pou reponn nenpòt kesyon, n ap ba ou sèvis yo kanmenm. N ap fè repons ou yo konfyans, epi nou p ap trete ou yon fason diferan si ou chwazi pou pa patisipe.

N ap kenbe enfòmasyon ou yo asire ak pwoteje.

Nou pral konsève enfòmasyon ou yo nan yon sistèm ki pwoteje avèk modpas. Nou p ap **janm** divilge enfòmasyon pèsonèl ou apa ba okenn moun ki deyò rezo patnè sa a. Nou p ap **janm** divilge enfòmasyon pèsonèl ou ba ajans tankou biwo lapolis oswa sèvis imigrasyon. Si ou ranpli yon fòm admisyon sou papye, ekip bank alimantè ap chire li imedyatman yo pa bezwen li ankò.

N ap itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou bay pi bon sèvis yi pou ou.

Si ou ban nou enfòmasyon debaz ou yo, w ap ede nou adapte sèvis nou yo pi byen pou bezwen kominote a. Nou **p ap** itilize enfòmasyon sa yo pou kontwole aktivite endividyle ou oswa pou limite sèvis n ap ba ou yo. Food Bank p ap janm vann enfòmasyon ou yo oswa nou p ap itilize yo pou objektif maketing oswa komèsyal. Nenpòt moun ki ka wè enfòmasyon ou yo ap wè yo sèlman pou anrejistre sèvis nou ba ou yo oswa pou modifye pwofil ou. Bank alimantè nou ak Food Bank kapab itilize rapò pou chèche tandans epi pou aprann plis sou kominote a. Rapò sa yo epi yo p ap janm endike enfòmasyon pèsonèl ki kapab idantifye ou.

Ou gen kesyon oswa enkyetid?

Ale sou sitwèb www.capitalareafoodbank.org/insights oswa imèl nou nan ServiceInsights@capitalareafoodbank.org